

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dikasasangkungan ku hiji naskah nu judulna “Siti Jaojah”. Eusi ieu naskah téh nyaritakeun ngeunaan lalampahan Siti Jaojah sabada ditilar salakina mungguh haji. Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngalihaksarakeun sarta ngaguar eusi jeung ajén kaagamaan dina naskah “Siti Jaojah” ngaliwatan analisis struktur formal jeung struktur naratif naskah. Pikeun ngahontal éta tujuan, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis kalawan pamarekan kualitatif. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeunna nyaéta téhnik studi pustaka.

Sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta naskah “Siti Jaojah” nu kapanggih di Cihaur tuluy diinvéntarisir ku Dr. Hj. Ruhaliah, M.Hum (Dosén Pendidikan Bahasa Sunda). Ieu naskah mangrupa salinan (potokopi) nu ditulis dina wangun puisi, ngagunakeun aksara Arab Pégon tur maké basa Sunda. Kandel ieu naskah téh 85 kaca nu kawangun ku 11 pupuh, nyaéta pupuh dangdanggula, sinom, pangkur, kinanti, pucung, asmarandana, magatru, lambang, maskumambang, mijil, jeung wirangrong. Kaayaan ieu naskah kawilang alus kénéh, unggal kaca diwangun ku 14 baris tur jumlah padana aya 402 pada.

Hal nu mimiti dilakukeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta prosés transliterasi anu nyoko kana buku pedoman *Transliterasi, Edisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacarakan, dan Pegon*. Tina hasil transliterasi, kapanggih sababaraha kecap anu teu luyu jeung éjahan basa Sunda kiwari saperti siyeun, siyang, cariyos, niat, kadiyeu, téyang, deuyi, jrrd. Éta kecap téh tuluy diluyukeun jeung éjahan jaman kiwari ku cara dileungitkeun hurup semi vokal y na. Sanggeus kitu, éta data téh diolah pikeun mikanyaho idéntitas naskah sarta bisa ngadéskripsikeun waruga naskah. Sabada ngadéskripsikeun naskah, dituluykeun kana prosés analisis struktur formal jeung struktur naratif nu satuluyna digunakeun pikeun ngabantuan prosés analisis ajén kaagamaan.

Struktur formal naskah “Siti Jaojah” ngawengku guru lagu jeung guru wilangan, watek pupuh, jeung sasmita pupuh: 1) Guru lagu jeung guru wilangan: sakabéh pupuh nu digunakeun dina ieu naskah, guru lagu jeung guru wilanganna téh aya nu teu luyu jeung patokanana. Jumlah kasalahan guru wilangan tina sakabéh pupuh nu aya dina naskah “Siti Jaojah” téh nyaéta 26,8% (692 kasalahan) tina 2583 pupuh jeung 2,75% kasalahan dina guru lagu (71 kasalahan); 2) Watek pupuh: pupuh nu digunakeun dina naskah “Siti Jaojah” téh teu sakabéhna luyu jeung watek pupuh nu sakuduna. Pupuh nu watekna teu luyu jeung aturan téh nyaéta pupuh lambang. Pupuh nu séjénna nu aya dina ieu naskah, watekna geus luyu jeung nu sakuduna; 3) Sasmita pupuh: dina naskah “Siti Jaojah” aya 30 sasmita pupuh nu némbongkeun gantina pupuh dina wawacan. Sasmita pupuh sinom nyaéta *kasinoman* jeung *nonoman*, pupuh pangkur nyaéta *mugkur* jeung *pungkur*, pupuh kinanti nyaéta *ganti-ganti*, *ati*, jeung *nganti*, pupuh pucung nyaéta *mucung* jeung *mucang*, pupuh asmarandana nyaéta *kasemaran*, pupuh magatru nyaéta *pegat*, pupuh lambang nyaéta *limbung*, pupuh dangdanggula nyaéta *manis*, jeung pupuh maskumambang nyaéta *kumambang*.

Struktur naratif naskah “Siti Jaojah” ngawengku galur, motif carita, palaku, latar, jeung téma. Galur ieu naskah nyaéta galur campuran sarta miboga salapan épisode. Motif carita dina ieu naskah téh dianalisis ku motif indéks Stith Thompson, motif carita nu kapanggih nyaéta motif *Hubungan baik dengan Tuhan (Mutual Relations of God A.160)*, motif *Hubungan Seksual Terlarang (Illicit Sexual Relations T.400)*: T425 (*Brother-in-law seduces (seeks to seduce) sister-in-law*) jeung T471.2 (*Wild man as ravisher of woman*), motif *Penghargaan Kesalehan (Piety Rewarded Q.20)*: Q20.2 (*Fulfillment of precepts rewarded*), motif *Perbutan Dihukum (Deeds Punished Q.200)*: Q241.1 (*Desire to commit adultery punished*), Q297 (*Slander punished*), jeung Q211 (*Murder punished*), sarta motif *Doa (Prayer V.50)*: V52 (*Miraculous power of prayer*).

Palaku dina ieu naskah ngawengku palaku utama nu miboga watek *protagonis* jeung palaku tambahan nu miboga watek *antagonis*. Latar nu kapanggih dina naskah ngawengku latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat ngawengku nagara Bani Isroil, nagara Mekah, jeung nagara Adil. Latar waktu

ngawengku waktu sapoé sapeuting, waktu dumasar kana lilana (*durasi*), waktu dumasar kana titimangsa, jeung latar waktu nu teu jelas. Latar sosial dina ieu naskah nyaéta ngeunaan kalungguhan palaku, pakasaban palaku, jeung status sosial palaku. Téma naskah “Siti Jaajah” téh ngeunaan lalampahan jeung ajén kaagamaan.

Ajén kaagamaan nu kapanggih dina ieu naskah dipasing-pasing dumasar kana sumber ajaran Islam, nyaéta Akidah, Syari’at, jeung Ahlak. Anu kaasup kana akidah nyaéta 1) nyebut asma Allah nalika rék ngamimitia hiji hal, 2) to’at ka Rosululloh, 3) yakin yén siksa naraka téh nyata, 4) iman kana qodo jeung qodar, 5) iman ka Allah Swt. Anu kaasup kana syari’ah nyaéta 1) munggah haji pikeun nu mampu, 2) solat pardu, 3) pantrangan dangdan pikeun ditémbongkeun ka lalaki lain mahromna, 4) mulasara mayit, 5) ganjaran ninun jeung nyiapkeun baju salaki, 6) sukur kana ni’mat, 7) ngamalkeun wirid atawa dikir, 8) ngucapkeun salam, 9) nutup aorat, 10) ganjaran istri nu masak pikeun salaki, 11) ngadu’a, jeung 12) hukum istri dangdan jeung maké seuseungitan keur salaki. Sarta nu kaasup kana ahlak nyaéta 1) siluh tulung jeung sasama, 2) sabar, 3) ulah ngalajur napsu, 4) paréntah pikeun ngajaga amanat, 5) paréntah rukun jeung tatangga, 6) ngamulyakeun sémah, 7) jembar pangampura, 8) serah tobat ka Pangéran, jeung 9) tuhu ka salaki. Sakabéhna didasaran ku sumber hukum Islam nyaéta Al-Qur’an jeung Hadits.

5.2 Implikasi

Hasil transliterasi dina ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun prosés mahan masarakat kana maca aksara Arab Pégon kana aksara Latén. Tuluy tina hasil analisis struktur formal jeung naratifna bisa dipaké pikeun ngajembaran pangaweruh dina widang sastra, hususna dina karya sastra Sunda. Ajén kaagamaan nu kapanggih dina ieu naskah bisa dijadikeun pikeun pieunteungeun hirup ogé pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sawatara hal dina ngahontal bebeneran.

5.3 Rékoméndasi

Unggal panalungtikan pasti aya kahéngkérana jeung kaonjoyanna séwang-séwangan. Kitu deui jeung ieu panalungtikan, tangtu masih loba kahéngkérana. Sanajan kitu, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasahiji karya sastra heubeul.

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi pikeun sababaraha pihak anu patali jeung ieu panalungtikan, éta hal téh diwincik saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun masarakat, dipiharep bisa mikawanoh kana naskah, lantaran naskah téh salasihiji karya sastra heubeul nu eusina bisa méré informasi pikeun masarakat di jaman kiwari.
- 2) Pikeun mahasiswa, hususna mahasiswa Departemén Pendidikan Bahasa Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun référénsi hususna dina widang nu aya patalina jeung ulikan filologi jeung struktural.
- 3) Pikeun panalungtik satuluyna, panalungtikan nu sarupa nu maluruh ngeunaan translitersi naskah perlu dilaksanakeun deui, leuwih hadé deui upama ajén nu diguar dina naskahna lain ajén kaagamaan wungkul.